

Diocese of Palm Beach



9995 North Military Trail • P.O. Box 109650
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

21 avril 2025

Deklarasyon Evèk Gerald M. Barbarito sou Lanmò Pap Franswa

"Youn nan plizyè bél karakteristik ke Pap Franswa ap toujou sonje pou yo, se te lefèt ke yo te konnen l kòm yon "Pap Sipriz," epi pou prezante yon sipriz kòm yon lajwa. Pandan ke lanmò li pa t inatandi, li te klèman yon sipriz paske li te rive touswit apre selebrasyon Pak la epi pendar li te komanse rekiperasyon li tou dousman ak yon espri pozitif. Se te kòmsi li te anseye nou yon lesyon pwisan sou vrè siyifikasyon espwa pandan Ane Jibile Espwa sa a ke li te ban nou pandan n ap vwayaje nan lavi sa a kòm peleren espwa. Li te pase peryòd Karèm li nan "frajilite," pwòp deskripsiyon li, epi li te gade avèk anpil detèminasyon, nan espwa, nan plenitud lavi a, ki te vin jwenn li nan Pak. Li te yon nonm ki te gen yon espwa ekstraòdinè, ke li te viv jiska lafen, epi ki te bay nou tout lajwa.

Anpil bagay te ka di, epi yo pral di, sou kontribisyon ekstraòdinè li nan lavi Legliz la pandan Pontifika li a. Dènye mesaj li a nan Dimanch Pak, nan diskou Urbi et Orbi li a, kèk èdtan anvan lanmò li pou lavi etènel la, vle di anpil bagay pou nou nan moman sa a. Li te egzòte:

Kris la resiste! Pawòl sa yo kaptire tout sans egzistans nou, paske nou pa t fèt pou lanmò men pou lavi. Pak se selebrasyon lavi a! Bondye te kreye nou pou lavi epi li vle fanmi imen an resiste ankò! Nan je li, chak lavi gen anpil valè! Lavi yon timoun nan vant manman l, osi byen ke lavi granmoun yo ak malad yo, ki nan anpil peyi yo konsidere yo kòm moun pou yo abandone.

Ala yon gwo swaf pou lanmò, pou touye moun, nou temwen chak jou nan anpil konfli k ap fè raj nan diferan pati nan mond nou an! Konbyen vyolans nou wè, souvan menm nan fanmi yo, ki dirije sou fanm ak timoun! Konbyen mepri ki leve pafwa anvè moun ki vilnerab yo, moun ki majinalize yo, ak imigran yo!

Nan jou sa a, mwen ta renmen nou tout espere ankò epi renouvele konfyans nou nan lòt moun, menm moun ki diferan de nou, oswa ki soti nan peyi byen lwen, ki pote koutim, fason pou viv ak lide nou pa konnen! Paske nou tout se pitit Bondye!

Nou priye pou Sen Pè a nou renmen anpil la, Pap Franswa, epi nou gen tout konfyans pou nou priye l tou."

###

Anplis de sa, nou envite fidèl nou [yo pou yo priye Nevèn Konferans Evèk Katolik Etazini](#) yo bay an memwa Pap Franswa.

Entwodiksyon: Tout Legliz la ap pene lanmò Pap Franswa. Nan katedral, bazilik, nan pawas, sanktyè ak chapèl, pral ofri Lanmès pou repo nanm li. Kominote yo ak moun endividyle ap mande Bondye pou l vide mizerikòd infini lan sou nonm sa ki te sèvi Legliz la kòm Evèk Wòm nan.

Yo prepare yon nevèn pou sa pou ede nou priye pou Pap la pandan tan dèy la. Nevèn chak jou a – ki dire pandan peryòd novendial yo jan Kolèj Kadinal yo mande sa – konsiste de yon lekti kout nan Labib la oswa yon lòt tèks eklezyastik ak kèk ti priyè, tankou orasyon ki soti nan Misèl Women an ak Lòd Antèman Kretyen yo.